

## Enfòmasyon sou opsyon pou pwogram Kindergarten

Apati 5 desanm, fanmi ki gen timoun ki fèt an 2019, ka aplike pou kindergarten pou ane lekòl 2024-25 lan. Aplike nan kindergarten se yon moman enteresan epi nou la pou ede w.

Ou ka itilize [Myschools.nyc](https://myschools.nyc.gov) pou chèche epi aplike nan pwogram ki enterese nan lekòl leta Vil Nouyòk. Anpil nan lekòl leta nou yo gen plis pase yon pwogram. Men kat kalite pwogram yon lekòl ka ofri:

**Kindergarten** - Tout lekòl ofri yon pwogram kindergarten rigilye, k ap sèvi tout elèv. Pwogram *zoned* yo gen yon zòn jewografik espesifik ki pou yo, kote fanmi ki pou zòn lan resevwa priyorite pi wo a. Pwogram ki pa *zoned* yo pa gen yon zòn espesifik ki pou yo, men pito yo bay priyorite pou fanmi ki gen frè/sè ki deja ladan yo, ki nan pre-k, oswa ki abite nan distri a.

**Pwogram kindergarten pou elèv douwe ki gen talan (Gifted and Talented, G&T) (ki sèvi Vil la oswa yon distri)** - Pwogram G&T ofri enstriksyon akselere pou elèv lekòl primè ki elijib nan Vil Nouyòk. Si w mete yon pwogram G&T sou aplikasyon w lan, se pwofesè pre-k aktyèl pitit ou a oswa yon entèvyou ki pral detèmine si li elijib. Pou plis enfòmasyon sou elijibilite ale sou paj wèb nou an - [schools.nyc.gov/GT](https://schools.nyc.gov/GT)

**Pwogram an de lang (Dual Language, DL) pou kindergarten** - Nan pwogram sa a, yo anseye elèv yo nan de lang. Objektif la se pou elèv ki pale anglè yo ak elèv ELL yo vin devlope konpetans nan yon nouvo lang ak nan sijè akademik nan de lang, epitou pou yo fè pratik epi pou yo pataje lang yo ak kilti yo ak lòt elèv yo, pou yo vin bileng, pou yo konn li ak ekri nan de lang epi pou yo gen de kilti.

**Pwogram Kindergarten STEM ((Syans, Teknoloji, Jeni ak Matematik) Science, Technology, Engineering & Mathematics) Distri 24 pou Kindergarten** - Nan pwogram sa yo, ki nan District 24 nan Queens elèv aprann panse ak aji kòm syantis ak enjenyè ki idantifye ak etidye pwoblèm mond reyèl la nan tout aspè. Elèv yo pral aprann sèvi avèk pwosesis konsepsyon jeni ak/oswa estrateji panse enfòmasyon pou devlope ladrès yo pou rezoud pwoblèm ak pou panse kritik.

Ou ka mete jiska 12 pwogram sou aplikasyon w lan. Asire ou mete pwogram yo nan vrè lòd ou pi pito, menm si pwogram yo nan menm lekòl la. Paegzanp, si w ta renmen ale nan pwogram G&T a nan yon lekòl ki pa pwogram kindergarten lan, ba li pi gwo priyorite sou aplikasyon an. Priyorite admisyon pitit ou a pa chanje kèlkeswa lòd ou mete chwa yo sou aplikasyon an.

**Ou gen kesyon?** Rele nou nan 718-935-2009 oswa voye yon imèl nan [ESEnrollment@schools.nyc.gov](mailto:ESEnrollment@schools.nyc.gov).

Bon siksè,

Ekip admisyon nan lekòl primè

**Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon kindergarten nan [schools.nyc.gov/SignUp](https://schools.nyc.gov/SignUp).

**Si w pa vle resevwa imèl ankò** ki soti nan nenpòt oswa nan tout lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w.